

TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA XIV – 5 JULI 2020

Gedung Induk Papringan, jam 06.30 WIB

Pepanthen Nologaten, jam 08.30 WIB

1. Pacawisan: Imam Pandonga ing Konsistori

- 2. Liturgos :** “Bapak, Ibu, Sadherek, saha Para Putra ingkang kinasih wonten ing Sang Kristus, Pradataning Pasamuwan ngaturaken sugeng rawuh, lan sugeng pinanggihan malih wonten ing paladosan ibadah Minggu, ingkang wekdal punika sampun kawiwitan peladosan wonten ing gedung gereja, kanthi pranatan normal enggal utawi new normal. Pramila sumangga dhumateng sedaya pasamuwan ingkang rawuh, sami njagi diri kita piyambak-piyambak, ugi njagi para sedherek kita ingkang wonten sakiwa tengen utawi ngajeng wingking kita kanthi matrapaken protokol kesehatan, supados kita sedaya tinebihaken saking penularan penyakit Covid-19, saha penyakit-penyakit sanesipun.

Sinaosa mboten saged cecaketan, sumangga kita kanthi bingahing manah sami murwakani pangibadah punika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 31 : pada 1, Swawi Pra Suci Nyawiji**”. **Pasamuwan katuran jumeneng...**

Swawi prasuci nyawiji tunggal ati, sami ngabekti memuji mring Gusti.

Ajrih , sumelang, sedhah, lan kasangsan, ginantos kabegjan sihing Pangeran.

3. Votum tuwin Salam Karaharjan :

(Pasamuwan jumeneng)

Pendeta : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten :

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pendeta : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, sadherek lan anak-anak sedaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 i / 5 7 i . / 5 4 3 . /**

Amin amin amin

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah)

4. Lektor : Waosan Sabda Introitus : Zakharia 9 : 9 – 12

(Pasamuwan lenggah)

Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”

Jemaah : “Puji sokur konjuk Gusti”

- 5. Liturgos :** “Pasamuwan kinasih, sabdaning Gusti, sampun kapirengaken bilih Gusti sampun numpes sadaya paperangan lan bakal martosaken katentreman tumrap sadaya bangsa. Pramila sumangga kita sami surak-surak memuji Asmanipun Gusti ingkang adil dan unggul ing panggalih kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 68 : pada 1 lan 4, “Allah Maasih”**

(1) Allah Maasih asung Putranya,
Allah Maasih mring manungsa.

Refr:

Mila kula ngidung Allah Maasih,
Allah Maasih mring manungsa.

(4) Gusti nyirnakken salir prihatin,
Gusti nyirnakken ajrih kwatir.

...Refr:

6. **Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Mateus 22 : 37 – 40**

7. **Imam : Pangakening Dosa**

Imam : “Pasamuwan kinasih, Gusti Yesus ngemutaken kita sedaya, supados kita tansah tresna dhumateng Gusti Allah ugi tresna dhumateng sesami. Namung wonten ing kasunyatan gesang, kita dereng saged nyembadani punapa ingkang dipun kersakaken Gusti. Pramila sumangga kanthi andhap asor, sumangga kita sami sowan wonten ngarsanipun Gusti, sami nglenggana menapa ingkang dados kekirangan lan dosa kita. Kita nyawisaken pamratobat kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 61 : pada 1 lan 3 “Saestu Keduwung”**

- | | |
|---|---|
| (1) Saestu keduwung kula, dene kirang setya.
Kadhawuhan kinen tresna
dhateng Allah wah sesami,
nging tan ana bukti Aduh Gusti,
nyuwun suci. | (3) Saestu keduwung kula, dé ndlarung ing dosa.
Nadyan rinoban sih-rahmat,
nging datan énggal mratobat,
mangkotaken ati. Aduh Gusti,
nyuwun suci. |
|---|---|

8. **Imam : Sumangga kita sowan Gusti lumantar pandonga pamratobat:**

“Dhuh Allah ingkang asih mirma, sinten ta kula punika Gusti, satemah Paduka tansah nresnani kawula kadosdene menda ingkang dipun tresnani dening pangenipun, sanadyan seyektosipun kawula punika cubluk ing manah, kirang setya dhumateng Paduka. Kawula dereng nresnani Paduka tuwin sesami, kados punapa ingkang sampun Paduka dhawuhaken dhumateng kawula. Pramila wonten wekdal punika kanthi andhap asor, kawula marek sowan wonten ing ngarsa Paduka, nyuwun lumunturing sih kawelasan Paduka, satemah kawula saged nglajengaken lampah miturut dhawuh Paduka, kanthi panuntuning Roh suci. Atur pamratobat kawula punika, kawula unjukaken wonten ngarsa paduka lumantar pangen kawula Gusti Yesus Kristus. Amin.”

9. **Pendeta : Sabda Pawartos Sih-Rahmat : 1 Petrus 1 : 3 - 5**

10. **Pendeta : Sabda Pangatag-atag Gesang Anyar : Yesaya 40 : 31**

11. **Liturgos** : “Bapak, ibu, sadherek, lan para putra kinasih, awit gunging sih palimirmaipun Gusti Allah, kita sedaya sampun kalahiraken malih wonten ing gesang ingkang kebak ing pangajeng-ajeng. Pramila sumangga kita sami nampi kekiyatan anyar pindha garuhda ingkang mabur kanthi suwiwi ingkang prakosa. Kita sami gumregah nyanggemi punapa ingkang dados karsanipun, lumantar repening **Kidung Pasamuwan Jawi 78 : pada 1 lan 3 “Iba Begjaku”...Pasamuwan katuran jumeneng...**

- (1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.
Reff :
Aku memuji klayan rena, nggunggung asmané selaminya.
Aku memuji klayan rena, nggunggung asmané selaminya.
- (3) Dakaturaké jiwa-raga marang Gustiku, atiku lega,
klayan anganthi sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.
...Reff:

12. **Wedharing Sabdanipun Gusti**

(Pasamuwan lenggah)

- a) **Pendeta** : **Maosaken : MATEUS 11 : 16 - 19, 25 - 30**
b) **Pendeta** : **“Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.”**
Pasamuwan : 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |
Hale-luya Hale-luya Hale - lu - ya
c) **Irah-irahan** : **“Pakaryanipun Sang Kristus Njalari Ayem ing Manah”**
d) **Ancas** : **Pasamuwan nyuraosaken pakaryaning Allah lumantar Gusti Yesus Kristus ingkang kebak ing welas asih.**

13. **Pisungsiung**

Imam: “Pasamuwan ingkang kinasih, berkah dalem Gusti tansah lumuber ing gesang kita lumantar pakaryan-pakaryanipun. Pramila minangka atur panuwun, sumangga kita ngaturaken pisungsiung Minggu, Wulanan, utawi Mirunggan. Pisungsiung minggu mawi kanthong 1 lan 2 kacawisaken kagem pasamuwan, lan kanthong 3 kacawisaken kagem panyengkuyung pengadaan rumah emiritus. Atur pisungsiung kinanthen sabdanipun Gusti minangka tetales ingkang sinerat ing **Mateus 6 : ayat 33 - 34**, mekaten suraosipun: “Ananging Kratoning Allah lan kasampurnane, iku padha upayanen dhisisk, nuli samubarang iku mau kabeh bakal diparingake marang kowe. Mulane aja padha sumelang ing bab dina sesuk, amarga dina sesuk iku kadunungan kasusahan dhewe. Kasusahan sadina, wus cukup kanggo sadino.”

Imam : “Kempaling pisungsiung kinanthen repening **Kidung Pasamuwan Jawi 184 “Syukur Akanthi Tulus”**

Sukur akanthi tulus. Sukur Kang Mahasuci.
Sukur rahmat kang agung, Panebus kita.
Sukur akanthi tulus. Sukur Kang Mahasuci.
Sukur rahmat kang agung, Panebus kita.

Mangkya kang ringkih dadya rosa;
kang miskin dadya sugih.
Sihé Gusti dadya nyata, yekti.
Mangkya kang ringkih dadya rosa;
kang miskin dadya sugih.
Sihé Gusti dadya nyata yekti. Sukur!

14. **Pendeta : Pandonga Sokur lan Syafaat**

(Pasamuwan lenggah)

15. **Pengaken Pitados Rasuli**

Liturgos : Sumangga kita nglairaken pangaken dhumateng Gusti sesarengan kaliyan umat ing salumahing bumi, kanthi **Pangaken Pitados Rasuli.....Pasamuwan katurun jumeneng...**

16. **Pendeta : Berkah**

17. **Liturgos** : “Pasamuwan kinasih, kanthi ngraos-ngraosaken lumunturing welas asih saking Gusti, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi kebaking kabingahan. Sumangga kita sami ngluhuraken Gusti kanthi repening Kidung Panutup: **Kidung Pasamuwan Jawi 438 : pada 1 “Gusti, Paduka Ngirid Lampah Kula”**

Gusti, Paduka ngirid lampah kula. Kula ndherek Padhuka salaminya.
Kawula datan saged milih margi. Mugi sapurug kula, Gusti nganthi

18. **Liturgos**: “Pasamuwan kinasih, mekaten kala wau pacawisan pangibadah minggu punika. Sugeng lumebet ing gesang padintenan kanthi sami njagi kasarasan ingkang katuntun saking protokol kesehatan. Sugeng dinten Minggu, Gusti tansah paring berkah.”